



Pou Piblikasyon Imedya: 30/11/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO DEPLWAYE RESOUS ETA A PANDAN SISTÈM TANPÈT DIVÈ A AP VANSE SOU NEW YORK

*Gwo lanèj, nèj fonn ak lapli glase se previzyon meteyo a pou yon gran pati nan eta a kòmanse bonè nan dimanch*

*Tanpèt la ta kapab lage jiska 24 pous nan Catskills yo, ant 12 ak 14 pous soti nan Binghamton rive nan Albany, ant 6 ak 10 pous sou Hudson Valley ak New York Santral*

*Pèsonèl ak ekipman ki soti nan DHSES, Lapolis Eta a, Depatman Sèvis Piblik, Depatman Transpò, Depatman Pwoteksyon Anviwònman, Otorite Thruway ap prepare epi yo pare pou entèvni si sa nesesè*

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse deplwaman resous eta a nan rejyon ki sipoze frape pi di yo alavans yon tanpèt divè pisan k ap vanse sou eta a yo prevwa k ap pote gwo lanèj, nèj fonn ak lapli glase nan anpil zòn nan eta a kòmanse bonè nan Dimanch jiska nan aswè Lendi.

"Sistèm tanpèt sa a gen posibilite pou li pote yon melanj lanèj, nèj fonn ak lapli glase nan yon tan kouvè nan yon gran pati nan eta a, sa k ap kreye kondisyon danjre sou anpil wout", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nou gen pèsonèl ak resous eta a ki pare pou ede si sa nesesè, epi m ap ankouraje tout Nouyòkè yo k ap retounen soti nan vwayaj Thanksgiving yo pou yo vwayaje avèk prekosyon epi kondui avèk pridans sou otowout yo pandan y ap antre lakay yo epi apre sa retounen nan travay ak nan lekòl nan Lendi."

Presipitasyon yo pral kòmanse sou fòm lanèj pou pifò eta a pandan jounen an nan dimanch pandan tanpèt nòdès la ap deplase soti nan Southern Tier pou al nan Catskills yo ak nan Rejyon Kapital la. Presipitasyon pi lou ak pi jeneralize a ap nan Dimanch apremidi jiska Dimanch swa epi apre sa ap gen yon peryòd pwolonje presipitasyon entansite varye nan Lendi jiska Lendi swa. Zòn andedan yo ki nan nòdwès Vil New York gen posibilite pou yo wè yon peryòd lapli glase ak nèj fonn nan Dimanch swa.

Previzyon yo di pi gwo akimilasyon lanèj yo ap nan lwès Catskills yo, avèk total ki ta sipoze rive a de pye. Rejyon Southern Tier ak Distrik Kapital yo ta kapab wè ant 12 ak 14 pous, alòske New York Santral ak Mohawk Valley sipoze resevwa jiska yon pye lanèj.

Zòn yo nan rejyon sid eta a gen dwa wè ant 6 ak 10 pous, avèk Vil New York ak Long Island k ap resevwa apeprè ant 1 ak 4 pous.

Tanperati yo ap varye ant ventèn wo yo ak karantèn ba yo. Van yo ap soufle nan direksyon sidès ant 8 ak 24 km pa è, avèk rafal rive jiska 40 km pa è nan Rejyon Long Island, Mid-Hudson, ak Vil New York yo.

Sèvis Meteyo Nasyonal la (National Weather Service, NWS) soti plizyè siveyans ak avètisman pou Zòn yo ki nan Rejyon Lwès NY, Finger Lakes, Southern Tier, NY santral, Mohawk Valley, North County, MidHudson ak Rejyon Kapital.

Pou kapab jwenn yon lis konplè avètisman ak dènye previzyon meteyo yo, vizite [sit entènèt](#) Sèvis Meteyo Nasyonal la.

## **Preparasyon Ajans**

### **Depatman Transpò (Department of Transportation)**

Depatman Transpò Eta a prè pou yo reponn avèk 3,517 sipèvizè ak operatè disponib. Ekip rejyonal yo angaje yo kounye a nan preparasyon kont nèj ak glas ak nan siveyans evènman lapli. Tout kote Rezidansyèl yo pral gen anplwaye 24/7 pandan tout dire evènman an.

Tout ekipman ki disponib pou nèj ak glas pare pou deplwaye. Mekanisyen flòt yo nan zòn ki touche yo pral anplwaye nan tout lye mentnans 24 sou 24 ak 7 jou sou 7 pou fè reparasyon epi kenbe kamyon yo sou wout. Kantite ekipman ki genyen nan tout eta a repati konsa:

- 1592 gwo kamyon chasnèj
- 183 chasnèj mwayen
- 52 remòk chasnèj
- 327 gwo chajè
- 39 souflez nèj

### **Otorite Thruway (Thruway Authority)**

Otorite Thruway a gen plis pase 684 sipèvizè ak operatè ki prè pou deplwaye 218 gwo chas nèj, 109 chas nèj mwayen ak 11 charyo remòkè ak 63 chajè toupatou atravè eta a ak plis pase 123,000 tòn sèl pou wout yo ki disponib sou plas. Yo itilize Pano pou Mesaj Varyab (Variable Message Signs), Anons Radyo sou Otowout la (Highway Advisory Radio) ak rezo sosyal yo pou avèti otomobilis yo sou kondisyon move tan pandan yo sou otowout Thruway yo.

Otorite Thruway la ap ankouraje otomobilis tou pou yo telechaje [aplikasyon mobil](#) li an ki disponib gratis sou aparèy iPhone ak Android yo. Aplikasyon an bay otomobilis yo enfòmasyon sou sikilasyon an nan tan reyèl, ansanm avèk asistans pou navigasyon pandan yo sou wout. Otomobilis yo kapab enskri tou pou imèl [TRANSalert](#) k ap bay dènye kondisyon sikilasyon yo sou Thruway la [isit la](#).

### **Depatman Pwoteksyon Anviwònman (Department of Environmental Conservation, DEC)**

Ofisye Lapolis Pwoteksyon Anviwònman DEC yo, Gad Forè yo, anplwaye Jesyon Dijans yo, ak anplwaye rejyonal yo nan eta dalèt epi yo ap siveye sitiyo ki ap devlope a epi yo aktivman ap fè patwouy nan zòn ak enfrastrikti ki gen anpil chans pou

yo sibi dega poutèt move tan, sa gen ladan gwo van. Tout resous ki disponib yo, sa gen ladan ekip sovtajan nan gwo kouran dlo ak ekip ki ak twonsonez yo nan pozisyon estratejik pou ede nan retire pyebwa ak nan fè entèkansyon si sa nesèsè. Anplis de sa, tout resous disponib yo enkli veyikil sèvis piblik yo, prè pou ede ak nenpòt repons ijans.

### **Depatman Sèvis Piblik (Department of Public Service)**

Sèvis piblik New York genyen apeprè 4,500 travayè disponib ki angaje nan evalyasyon domaj, repons ak restorasyon atravè Eta New York. Pèsonèl nan Depatman Sèvis Piblik la yo pral retrase travay sèvis piblik yo ap fè pandan tout evènman tanpèt la.

### **Lapolis Eta New York**

Lapolis Eta New York la te mete resous yo ki gen ladan machin toutèren (4x4), machin ak esye elve, avèk bato yo prè pou deplwaman jan sa nesèsè. Polisye Eta yo resevwa lòd pou rete annalèt epi pou pandan y ap fè patwouy yo kontwole seryezman zòn ki gen tandans inonde lè dlo monte.

### **Biwo Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation)**

Ekip Biwo Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik rejyonal yo ap siveye tanpèt la epi rete prè pou ede jan sa nesèsè. Ekipman pou reponn a ijans pral gen gaz epi ap prepare pou operasyon epi anplwaye yo pral kontwole kondisyon yo pandan tout jounen an.

### **Lòt konsèy sekirite**

Men kèk nan konsèy ki pi enpòtan yo pou woule san danje:

- Lè tanpèt ivè yo rive, pa woule si li pa vrèman nesèsè.
- Pran prekosyon sou pon yo poutèt glas kapab fòme la pi vit pase sou wout yo.
- Fèy mouye yo sou wout yo kapab lakòz atè a glise, sa ki fè li enpòtan pou kondui pi dousman lè w ap pwoche kote ki kouvri ak fèy yo.
- Si ou dwe vwayaje, asire w ke otomobil ou gen materyèl pou siviv tankou lenn, yon pèl, flash ak pil anplis, rad cho anplis, yon pè chèn pou kawotchou, kab boustè pou batri, manje ki bay enèji rapid ak rad ki gen koulè klere pou sèvi kòm drapo detrès.
- Si ou gen telefòn selilè oswa lòt aparèy kominikasyon tankou yon wòki tòki disponib pou w sèvi, kenbe batri a chaje epi kenbe l avè w tout lè w ap vwayaje. Si w ta vin bloke, wap kapab rele pou mande èd, enfòmè sekouris yo sou kote w ye.

Prensipal kòz lanmò ak blesi pandan tanpèt ivè se aksidan transpò. Anvan w chita dèyè volan, pa bliye retire glas ak lanèj ki sou machin ou an; bon vizyon se sekre kondui byen. Planifye arè w yo epi kite plis distans ant machin yo. Pote plis atansyon epi sonje pil nèj yo ka maske timoun ki pi piti yo. Toujou koresponn vitès ou selon kondisyon wout la epi selon tan.

Li enpòtan pou chofè machin yo sou tout wout konnen vitès chas-nèj yo se 56 kilomèt alè, sa ki nan anpil ka pi ba pase limit vitès ki make a, pou yo ka garanti sèl yo simen an rete nan vwa sikilasyon yo epi pa dispèse andeyò wout yo. Anpilfwa sou otowout ant

eta yo, chas-nèj yo opere kòtakòt, kòm se fason pi efikas epi ki ofri plis garanti pou netwaye plizyè vwa yon sèl kou.

Chofè machin ak pyeton dwe sonje chofè chas-nèj yo ka wè devan yo sou yon distans limite, epi gwochè ak pwa chas-nèj yo ka fè l difisil pou manevre epi frennen touswit. Nèj chas-nèj la ap soufle dèyè li ka diminye vizibilite anpil oubyen kreye yon vwal blan. Chofè machin yo pa ta dwe eseye double chas-nèj yo, ni swiv yo twò pre. Kote ki gen plis sekirite pou chofè machin yo woule se lwen dèyè chas-nèj yo, kote wout la klè epi gen sèl sou li.

Pou ou ka jwenn yon lis konplè kondisyon metewo ak lide pou preparasyon yo anvan, pandan ak apre yon entèripsyon kouran, ale sou sit entènèt Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo (Division of Homeland Security and Emergency Services) sou <http://www.dhSES.ny.gov/oem/safety-info/outage/>.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)